

## Direktiv pou Pasyan pou Vizit Telesante Poumon an Gwoup yo:

Chak departman gen direktiv pa li pou gwoup pasyan yo

- **Vini alè** - bay tèt ou kont tan pou konekte sou òdinatè a/tablet la/telefòn entelijan an, enstale tout bagay, epi verifye tout bagay ap mache byen
- **Konfidansyalite** - tout sa yo di nan gwoup la konfidansyèl
  - Pa bay lòt moun non patisipan yo epi pa rakonte istwa yo
  - Pa anrejistre ni videyo ni odyo
  - Pa pran foto gwoup la
  - Ou dwe yon kote prive pou patisipan yo pa bezwen enkyete dèske gen lòt moun k ap tande enfòmasyon yo
- **Respekte lòt moun yo**
  - Koute lòt moun yo
  - Tanpri bay chèf gwoup la tout atansyon ou
  - Tanpri bay tout patisipan yo tan pou yo pale
  - Pa ni sèvi ak telefòn ou, ni manje, ni fimen pandan ou nan gwoup la
  - Fè atansyon a jan patisipan yo idantifye tèt yo epi lè w ap pale avèk yo sèvi ak non ak pwonon yo pi pito a (he/she/they)
- **Sèvi ak teknoloji an kòm sadwa**
  - Si gen bwi nan fon an, tanpri mete odyo ou sou bèbè jiskaske lè a rive pou w pale
  - W ap sou videyo ak odyo dont tanpri abiye byen epi fè atansyon ak anviwònman w
  - Pou anpeche lòt moun wè lakay/anviwònman ou, ou te mèt chanje fon w lan nan paramèt Google Meet yo
  - Pa mete lòt patisipan yo sou bèbè
  - Ou te mèt etenn kamera videyo w lan pou pwoteje vi prive w pi byen
- **Pa pran ni pwodui ilegal, ni alkòl, ni marijàn**
  - Pa patisipe ni pandan ou sou ni pandan ou sou enfliyans dwòg